## BAS MAQALA

# ТӘЛИМ ҲӘМ ТӘРБИЯ МӘСЕЛЕСИ ЕҢ УЛЛЫ ҚӘДРИЯТ

**А.К.Пазылов –** *педагогика илимлериниң кандидаты*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

2022-жыл 20-декабрь күни Ҳүрметли Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.М.Мирзиёевтың Олий Мажлиске ҳәм Өзбекстан халқына жоллаған Мүрәжатнамасын оғада үлкен қызығыўшылық пенен тыңладым. Газета арқалы (Еркин Қарақалпақстан. 24-декабрь 2022-жыл №134 (20864) Мүрәжатнама бойынша еситкенлеримди толықтырдым.

Мүрәжатнама халқымыздың узақ жыллар даўамында күткен әрманларын иске асырыўға тийисли бағдар болып хызмет атқарады. Себеби, мүрәжатнамада “Алдын – инсан, кейин жәмийет ҳәм мәмлекет” деген идея баслы мақсет сыпатында белгиленген. Тарийх бетлеринен мәлим болғанындай усы ўақытқа шекем инсан биринши орынға шықпаған. Өткен дәўирдеги “коммунизмди” қурыў бағдарламасында да, материаллық-техникалық базаны жаратыў – биринши, жәмийеттеги социаллық қатнасықларды қәлиплестириў – екинши, оннан кейин барып инсан ушын ең қәдирли болған жаңа адамды тәрбиялаў үшинши орынға шығарылған еди.

2023-жылға “Инсанға итибар ҳәм сапалы билимлендириў” атамасын бериў ҳаққындағы Президентимиздиң усынысы да халқымыз тәрепинен қоллап қуўатланды. Әсиресе, билимлендириўдиң сапасын арттырыў – Жаңа Өзбекстанды раўажландырыўдың бирден бир дурыс жолы екенлигине халқымыздың исеними артты.

Мүрәжатнама алты бағдарды өз ишине қамтыйды. Оның биринши бағдары “Ықшам ҳәм нәтийжели мәмлекетлик басқарыў системасына өтиў” деп белгиленди. Бул бағдарда ҳәр жылы 500 қәнигени ең абыройлы сырт ел жоқары оқыў орынларында ҳәм орайларында оқытыў, басшы лаўазымларға билимли ҳәм тәжирийбели кадрларды таңлап қойыў мәселелери де дыққаттан шетте қалмады. Әсиресе жаңа жылдан баслап ҳәр бир ҳәкимниң өз районына 40-50 миллион доллар жеке инвестицияларды алып келиўи кереклиги, ал, министрлердиң болса тек мәмлекеттиң қаржысын жумсай бермей, жылына 1 миллиард долларға шекем инвестициялар алып келиўи мүмкинлиги көрсетилди. Бул әлбетте дурыс пикир ҳәм халқымыз ушын қуўанарлы жағдай. Тек ҳәкимлер ҳәм министрлер емес басқада хызметкерлердиң бундай ибратлы ислерге белсене қатнасқанлары мақул болады.

Деген менен, жоқары оқыў орынларында елеге шекем өзиниң дурыслы шешимин таппай атырған бир машқала бар. Олда болса – скопустан мақала шығарыў машқаласы. Илимий дәрежелилер жылына скопустан бир мақала шығарса айлығына 15%, екеўин шығарса 30% қосылады. Ал, скопустан мақала шығарыў ушын сырт елдеги редакцияға ҳәр бир мақалаға 3-3,5 миллионнан ақша төлеў керек. Мени, бир нәрсе ҳайран қалдырады. Дүнья жүзи бойынша идеялар сатылады. Мақаланы шығарса мақала ийесине гонорар төленеди. Ал, бизде идеяны англичан тилине аўдарма жасатып, пул төлеп, ҳәким ҳәм министрлердиң алып келген инвестицияларын өз қолларымыз бенен шет мәмлекетлерге қайтып апарып беремиз. Гонорар алмаймыз. Мәселен институтымызда 500 профессор-оқытыўшы хызмет ислейди деп есаплағанымызда, олардың ҳәр бири бир мақаланы скопустан шығаратуғын болса, онда институт профессор-оқытыўшылары институтқа емес, ал, скопус журналына ийе болған шет еллилерге 150-175 мың доллар инвестицияны өз қоллары менен апарып береди...

Соның ушын мениң биринши усынысым – ҳәким ҳәм министрлердиң алып келген инвестицияларын шаша берместен, оны абайлап-асырап, пухталық пенен жумсаўды усы бастан үйрениўден ибарат. Шет еллилер идеяны керек болса өзлери аўдарма жасап, сатып алсын. Инвестицияларын Өзбекстанға берсин. Буның ушын қарақалпақ, өзбек, рус ҳәм инглиз тиллеринде шығарылатуғын скопусқа уқсаған журналларды Республикамыздың өзинде шөлкемлестире алсақ, сыртқа кететуғын артықмаш қәрежетлерди үнемлеп қалыў мүмкиншилигимиз күн сайын артып барады.

Және де усы биринши бағдарда республиканың басқарыў уйымларында... билимли ҳәм тәжирийбели кадрлардың қойылатуғынлығы айтылған. Бул да, қуўанарлы жағдай. Әскерлердиң генерал болыўды әрман еткенлиги сияқлы педагогикалық жоқары оқыў орнын питкерген жаслар арасынан да министр болыўды әрман ететуғынлар көплеп табылады. Билимлендириў системасында жоқары мағлыўматқа ийе болған жас муғаллимлер тәжирийбели оқытыўшылардың алдыңғы ис тәжирийбелерин әсте-әсте үйренип барып, өзлери де бирқанша тәжрийбелерди топлаўға ериседи.

Деген менен, ҳәзирги ўақытта билимлендириў мәкемелерине басшы кадрлар таярлаўды жобаластырыў процесинде, адамның жети уйқыласа түсине енбейтуғын ашынарлы аўҳаллар ушырасып тур. Олардың бири жоқары оқыў орынларында бакалавр ямаса магистр академиялық дәрежесине ийе болған қәнигелерди таярлаўға болған талап. Усындай талапларды айланып өтип, Жоқары билимлендириў министрлигиниң “Мектеп менежменти” деген тәлим бағдарын ашқанлығында өз көринисин табады.

Қағыйдаға муўапық бул тәлим бағдарын питкергенлер кем дегенде мектеп директорының орынбасары лаўазымларында жумыс ислеўи керек. Ал, қайсы директор жетерли тәжирийбеге ийе болмаған кадрды өзине орынбасар етип алады. Әлбетте, алмайды. Олар тәжирийбе топлаўы ушын 3-5 жыл әтирапында мектепте муғаллим болып ислеўи керек. Тилекке қарсы бул тәлим бағдарын питкергенлер мектепте муғаллим болып ислей алмайды. Себеби, оларға мектепте оқытылатуғын бир пәнди де оқытыў ҳуқуқы берилмеген. Мектепте оқыўшыларға пән тийкарларын

үйретиўден махрум болған жас питкериўшилер қалайынша тәжрийбе топлаўы мүмкин? Олардың ис ҳақысы мәселеси қандай жол менен бериледи? сыяқлы сораўлар кимди болса да ойландырады.

Соның ушын мениң 2-усынысым тийисли министрликлер бакалавр тәлим бағдарын питкериўшилердиң жумыс ислеўине қолайлықлар жаратыў мақсетинде, бир тәлим бағдарының жанына қосымша тәлим бағдарын қосып берип, жас кадрдың тәжирийбе топлаўына, жумыссыз қалмаўына имканият жаратып бериўден ибарат.

Мүрәжатнаманың екинши бағдарында билимлендириўдиң сапасын көтериў, яғный сапалы кадрларды таярлаў нәзерде тутылады. Дурыс, сапалы ҳәм сыпатлы кадрлар жүда керек.

Деген менен, усы сапалы таярланған кадрлар мектептен жумыс таба алмаса қандай аўҳалға түседи. Буның айқын мысалы ретинде педагогикалық жоқары оқыў орынларында таярланылып атырған музыканы оқытыў методикасы, сүўретлеў өнерин оқытыў методикасы, химияны оқытыў методикасы, мектеп менеджменти тәлим бағдарларын алып қарайық. Усы тәлим бағдарларының биринен, айтайық, музыканы оқытыў методикасы пәни бойынша сапалы таярланған жас питкериўши узақтағы аўыл мектеплериниң бирине жумысқа жиберилсе, оның оқыў нагрузкасының бир ставкаға жетиўи мүмкин емес. Себеби, музыка ҳәм сүўретлеў өнери пәнлери улыўма билим бериў мектеплериниң 1-7-классларында ҳәптесине 1 сааттан оқытылады. Узақ аўыллық мектеплерде класслардың саны биреўден болыўы да мүмкин. Мине усындай жағдайларда сапалы таярланған жас питкериўши ҳәптесине 7 саат оқытып өз хожалығын қалайынша материаллық жақтан тәмийинлейди. Тап усы сыяқлы химия пәни мектеплердиң 7-класынан баслап ҳәптесине 2 сааттан оқытылады. Жас сапалы таярланған питкериўши ҳәптесине 10 саат пенен жумыс ислеўге мәжбүр болады. Мектеп менеджменти бойынша таярланған питкериўшини, өзлери сол предмет бойынша таярланбаған болса да мектепте оқытылатуғын предметлердиң биринен сабақ бергизип қойыўға ҳүждан да, Нызам да көтермейди.

Илгери жыллары бундай мәселелердиң шешими бар еди. Институтта баслаўыш тәлим методикасы ҳәм музыка, физика-математика, химия-биология, химия-экология сыяқлы қәнигеликлер бойынша жас кадрлар муғаллимшилик кәсибине таярланар еди. Жақында Казан мәмлекетлик университетине барып, олардың ис тәжирийбелерин үйренип келген профессор-оқытыўшыларымыз да ол жердеги рус тили ҳәм англичан тили, педагогика ҳәм рус тили сыяқлы қоспа қәнигеликлер таярланатуғын-лықларын өз көзлери менен көрип келди.

Соның ушын мениң үшинши усынысым жоқарыда көрсетилгениндей тәлим бағдарларын қоспа етип шөлкемлестириў мақсетке муўапық келеди. Мәселен, сүўрет ҳәм қосық пәни муғаллими, баслаўыш класс ҳәм қосық пәни муғаллими, химия-биология, мектеп менеджменти ҳәм тарийх пәни муғаллими сыяқлы тәлим бағдарларын шөлкемлестириў ҳәм олардың оқыў мүддетин бир жылға көбейтиў дурысырақ болады. Усындай жағдайларда жас питкериўшилер мектептен өз тараўы бойынша жумыс таппай, тәжирийбе топлай алмай қалыў қәўпинен қутылады. Бундай жағдайлар туўдырылса, “мектеплерде билимлендириўдиң сапасын ҳәм жәмийетте муғаллимлердиң кәсибиниң абыройын арттырыў” мүмкиншилиги артып барады.

Мүрәжатнамада быйылдың өзинде илим ҳәм инновацияларға 1,5 триллион сум ғәрежеттиң ажыратылатуғынлығы, бул көрсеткиштиң 2017-жылға салыстырғанда 6 есеге көп екенлиги көрсетилген. Көрип турғаныңыздай бул тараўға Президентимиз тәрепинен айрықша кеўил бөлинип атыр. Деген менен, бул ажратылған ғәрежетлер кимлерге ямаса қайсы илим тараўларына бериледи деген де орынлы сораў пайда болады.

2022-жылы февраль айында университетте болып өткен Өзбекстан Инновациялық ислер бойынша министриниң сайёр қабыллаўында, биз қарақалпақ тилиндеги педагогикалық атамаларды унификациялаў ҳәм модернизациялаў арқалы, Қарақалпақстанда биринши мәртебе Педагогикалық энциклопедияны жаратыў ушын проект ислегенимизди айтқанымызда, министрдиң биринши жуўабы “Педагогика ҳәм гуманитар илим тараўларына ғәрежет ажыратыў нәзерде тутылмаған” болды. Бирақ, соңынан өзиниң қоллап-қуўатлайтуғынлығын, бул проектти мақсетли деп қабыллаўдың мүмкиншилигин айтып, бизди қуўандырды. Халқымыздың “Айтылған сөз, атылған оқ” дегени сыяқлы министрдиң сөзлери протоколға түсти. Деген менен, соңғылығында бизге келген жуўапта тағы да бул тараўға ақша ажыратыўдың “нәзерде тутылмағанлығы” еслетип өтилди...

Халқымызда “Үлкен үйге не керек болса, кишкенесине сол керек” деген даналық бар. Өзбекстанда “Миллий энциклопедия” исленип журтшылықтың алғысына сазаўар болды. “Педагогикалық энциклопедия”ның үш томы шығарылды. Бул ис еле даўам етилежақ. Демек, Қарақалпақстанлы илимпазлар да өзлериниң ана тилиндеги миллий энциклопедияны, педагогикалық энциклопедияны, медициналық энциклопедияны жаратыў мүмкиншиликлерине ийе. Буның ушын илимпазлардың билими де, күши де жетерли дәрежеде.

Усыған байланыслы мениң төртинши усынысым инновациялық ислер бойынша проектлерге ғәрежет ажыратылғанда педагогика, гуманитар илимлерди де дыққаттан шетте қалдырмай, тийислисинше оларды материаллық жақтан тәмийинлеўди ойлап көриўден ибарат.

Жуўмақлап айтқанда, Президентимиздиң “Мен – Сиз, жанкүйер муғаллимлеримиз бул ўазыйпаны мақтаныш пенен атқара алатуғынлығыңызға исенемен” деген даналық сөзлерине ис пенен жуўап қайтарыўға таяр екенлигимизди билдиргим келеди. Жоқарыда келтирип өтилген гейпара усынысларымыз әмелге асырылса бул тәлим-тәрбия ислерине де, илимий ислерге де сөзсиз өзиниң унамлы тәсирин тийгизеди деген үмиттемен.